



# **KHUTBAH JUM'AT**

**PENGURUS CABANG  
NAHDLATUL ULAMA CILACAP**





## **KHUTBAH JUM'AT** **“BALUKARNA NIMBUN HARTA”**

Ditulis oleh : Jamal Shidiq, S.Pd.I

**= KHUTBAH PERTAMA =**

اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِي بَعَثَ نَبِيَّنَا مُحَمَّدًا رَحْمَةً لِّلْاَنَامِ، وَاخْتَصَّهُ بِشَرِيْعَةٍ سَمِيْحَةٍ مُّشْتَمِلَةً عَلٰى الْحُكْمِ  
وَالْاَحْكَامِ، وَاَشْهَدُ اَنْ لَا اِلٰهَ اِلَّا اللّٰهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيْكَ لَهٗ الْمَلِكُ الْقُدُّوْسُ السَّلَامُ، وَاَشْهَدُ اَنَّ  
مُحَمَّدًا عَبْدُهٗ وَرَسُوْلُهٗ اَفْضَلُ الْاَنَامِ وَمُصْبِحُ الظَّلَامِ وَرَسُوْلُ الْمَلِكِ الْعَلَامِ، وَصَلَّى اللّٰهُ عَلٰى  
سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلٰى اٰلِهٖ وَاَصْحَابِهٖ السَّادَةِ الْكِرَامِ وَسَلَّمْ تَسْلِيْمًا كَثِيْرًا دَائِمًا اِلٰى يَوْمِ الدِّيْنِ.  
اَمَّا بَعْدُ: فَيٰاَيُّهَا النَّاسُ اِتَّقُوا اللّٰهَ حَقَّ تَقَاتِهٖ وَلَا تَمُوْنُوْنَ اِلَّا وَاَنْتُمْ مُّسْلِمُوْنَ. وَقَالَ اللّٰهُ تَعَالٰى  
فِي الْقُرْاٰنِ الْكَرِيْمِ اَعُوْذُ بِاللّٰهِ مِنَ الشَّيْطٰنِ الرَّجِيْمِ: اَلْهٰكُمْ التَّكَاثُرُ، حَتّٰى زُرْتُمُ الْمَقَابِرَ، كَلٰٓءَ  
سَوْفَ تَعْلَمُوْنَ، ثُمَّ كَلٰٓءَ سَوْفَ تَعْلَمُوْنَ.

### **Hadirin Ahli Jum'ah Rohimakumullah!**

Mangga urang sami-sami muji syukur ka dzat Alloh robbun ghofur, dzat anu parantos masihan kasehatan, katenangan, kakiatan, hidayah sarta taupik kaurang sadaya. Sholawat sareng salam mugia salamina dilimpahkeun kajunjunan alam Rosulullah SAW. Miwah kulawargina, shahabat, tabi'in, oge kaurang sadaya anu tumut ka anjeuna, anu salamina miharep kabagjaan dunia rawuh akhirat.

### **Hadirin Sidang Jum'ah Rohimakumullah!**

Di zaman Rosululloh baheula aya dua kabilah nu gawena unggal poe paloba-loba ngumpul-ngumpul harta, nyaeta kabilah





bani harits jeung bani haritsah, persaingan anu sakitu kuat jeung ketatna sahingga ngagunakeun segala cara dilakukeun sok sanajan teu bener, sok sanajan haram, nu penting hasil mucekil jeung meunang dina bersaingna.

Maka laku lampah anu dilakuakan ku dua kabilah tadi ngajadikeun sabab turunna Qur'an Surat Attakaatsur nu dina eta surat, Alloh nyaram jeung nyela pikeun jalma anu paloba-loba dina harta kujalan nu teu halal jeung nagajauhkeun to'at ka Allah SWT sakumaha pidawuhna:

أَهْلَكُمْ التَّكَاثُرُ ١ حَتَّىٰ زُرْتُمُ الْمَقَابِرَ ٢ كَلَّا سَوْفَ تَعْلَمُونَ ٣

Hartosna: *“Geus mopohokeun kaaranjeun paloba-loba harta. Nepika aranjeun jjarah kapingang-pirang pakuburan. Ulah kitu engke aranjeun bakal apal”*. (QS. At-Takatsur: 1-3)

### **Hadirin Ahli Jum'ah Rohimakumullah!**

Paloba-loba dina harta, paluhur-luhur dina kedudukan jeung jabatan, bakal ngajadikeun umat manungsa jauh tina jalan Allah, persaingan anu samodel kitu moal bisa dieureunkeun kecuali kumaot, kecuali geus diurugan kutaneuh beureum.

حَتَّىٰ زُرْتُمُ الْمَقَابِرَ

### **Hadirin Ahli Jum'ah Rohimakumullah!**

Hasan al-Bishri nyebatkeun, yen berlomba jeung persaingan, teu wungkul terjadi dina masalah harta, tapi persaingan jeung perlombaan oge bakal terjadi dina masalah anak jeung keturunan, nupadahal harta jeung keturunan teu bisa ngajadikeun jaminan pikeun kabagjaan didunya rawuh akherat, sabab harta jeung keturunan mangrupikeun ujian jeung cobaan.





Sakumaha pidawuh Allah SWT dina al-qur'an Surat Attaghobun ayat 15:

إِنَّمَا أَمْوَالُكُمْ وَأَوْلَادُكُمْ فِتْنَةٌ ۗ وَاللَّهُ عِنْدَهُ أَجْرٌ عَظِيمٌ ۝ ١٥

Hartosna: “Sayaktosna tayalian harta jeung anak-anak aranjeun mangrupikeun cocoba, jeung Alloh, dianjeuna aya ganjaran anu gede”. (QS Attaghobun :15)

### Hadirin Ahli Jum'ah Rohimakumullah!

Dina surat kadua tina surat Attakatsur Allah SWT ngadawuh: "nepika aranjeun jiarah kubur" anu dimaksud ziarah nyaeta datang sementara waktu moal salilana, mungkin sajam, sabulan, sataun, atawa sa abad, nujelas mah jalma di kubur moal salilana tapi aya alam lain anu kudu disorang jeung diambah nyaeta alam ba'ats, alam mahsyar, hisab, mizan, shirot anu akhirna disurga atawa naraka jahannam. Tangtu cilaka jalma anu tempatna dina naraka, jeung bagja lamun pitempatkeun eta jalma dina surga Alloh anu pinuh kukanikmatan.

Ku hal eta, mudah-mudahan urang sadayana dina milari harta, teu kalebet anu numpuk-numpuk harta sahingga jauh tina to'at ka Allah SWT, tapi harta nu kurang disiar estu kanggo milari rahmat sareng ridlona Alloh. amin..

بَارِكْ اللَّهُ لِي وَلَكُمْ





= KHUTBAH KADUA =

الْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ الْعَالَمِينَ، وَبِهِ نَسْتَعِينُ عَلَى أُمُورِ الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ، وَالصَّلَاةُ وَالسَّلَامُ عَلَى  
أَشْرَفِ الْأَنْبِيَاءِ وَالْمُرْسَلِينَ، وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ، أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ الْمَلِكُ  
الْحَقُّ الْمُبِينُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ صَادِقُ الْوَعْدِ الْأَمِينُ، اللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ  
عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَاصْحَابِهِ أَجْمَعِينَ، أَمَا بَعْدُ: فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ  
تَقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ،

اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ ،  
رَبَّنَا أَنْزِلْنَا مِنْزَلًا مُبَارَكًا وَأَنْتَ خَيْرُ الْمُنزِلِينَ. رَبَّنَا افْتَحْ بَيْنَنَا وَبَيْنَ قَوْمِنَا بِالْحَقِّ وَأَنْتَ خَيْرُ  
الْفَاتِحِينَ. رَبَّنَا أَفْرِغْ عَلَيْنَا صَبْرًا وَثَبِّتْ أَقْدَامَنَا وَانصُرْنَا عَلَى الْقَوْمِ الْكَافِرِينَ رَبَّنَا إِنَّا فِي الدُّنْيَا  
حَسَنَةٌ وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةٌ وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ. بِرَحْمَتِكَ يَا أَرْحَمَ الرَّاحِمِينَ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ رَبِّ  
الْعَالَمِينَ.

